ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ПЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№13 (22.421) • 2013 гъэм щІышылэм (январым) и 25, мэрем •Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ •И уасэр соми 3-щ • adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Урысей студентхэм я махуэм ирихьэлІэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ Къанокъуэ Арсен студентхэм ЗЭРЫЗАХУИГЪАЗЭР

Ныбжьэгъу лъапІэхэ!

Урысей студентхэм я махуэмкІэ си гуапэу сынывохъуэхъу.

Студент лъэхъэнэр, шэч хэмылъу, гъащІэм и Іыхьэ нэхъыфІ дыдэщ, Іуэхъущ Іэхэр къыщалъыхъуэ, куэдым щыхъуэпльэ, егуГъуу щджэ, щІэныгъэ творчествэм щыхэт, мурад инхэмрэ гугъапІэ лъэщхэмрэ щаубзыху эманщ. Нобэ фэ жэуап хэха къывбГъдохуэ къэралым и къэКІуэнум, иджырей Урысей зэтегъэуВэным хуэунэтІа Іуэхухэр гъэзэщІэным я лъэныкъуэкІэ. Фэ куэдкІэ фывыхащ ди къэралым дунейпсо утыкум щиубыдыну увыпІэр зыхуэдэр. Абы кьыхэкІыу мыхьэнэшхуэ иІэщ, сыт щыгъуи хуэдэу, студентхэр урысей щІалэгъуалэм и гуп нэхъ пэрыту икІи пашэу зэрыщытым.

Сытым дежи фІым фыхуэпльэу, гуапагъэ фи мурад, гъащІэр фІыуэ флъагъуу фыщыт, щІэныгъэ зэвгъэгъуэт, фи зэхэщІыкІымрэ дуней епльыкІэмрэ зевгъэубгъу. Республикэм и къэрал властым и органхэми езыхэм я деж зыри къыщагъэнэнукъым фи зэфІэкІым, ІэщІагъэм, творчествэм зевгъэужьыныжьмкІэ, жылагъуэ Іуэхуэхэм фи къарур щывгъэлъэгъуэныжьмкІэ Іэмал тэмэмхэр къызэрэгъэщынымкІэ лъэныкъуэкІэ.

Сыныводхуэхъу уэзыншагъэ быдэ,ефІэкІуэныгъэ фиГъэнгъ, едэжьныжьмкІэ ехъулІэныгъэщІэхэр къэфхыну, фи мурад, плъапІэ нэхъыщхьэхэр къывэхъулІэну.

КЪАНОКЪУЭ Арсен: «Экстремизмэм ебэныным республикэм ис псори къыхэшэн хуейщ»

Парламентым хэт фракцхэм я унафэщхэм Правительствэм и Унэм щадрнгъэкІуэкІа зэІущІэм апхуэдэу щыжиІащ КъБР-м и Іэтащхьэ Кьанокъуэ Арсен.

КъАНОКЪУЭ Арсен кьыхигъэщащ КъБР-м и Парламентым и депутатхэр законхэр гъэхьэзырыным арэзы укъинщІу зэрелэжьыр икІи кьыхэхуэсахэм яГу кьигъэкІыжащ абыхэм лІыкІуэ Іуэхуэхэри зэрахьэну я пщэ кьызэрыдэхуэр. Апхуэдэу абы жиІащ щыхуэхэм нэхь жыдджэру зэрадзлжьаныгъэхэр: «ЩІыхуэхэм нэхьыбоГэ яІущІэн икІи терроризмэмрэ экстремизмэмрэ я Іэужьхэр къэмыгъэхъуным екъэпІа Іуэхуэхэм хэхэуэ тепсэльыкьыхьн хуейщ».

Кьанокъуэ Арсен кьызэрилъытэмкІэ, еджакІуэхэм я адэ-анэм республикэм и унафэщІ лэжьакІуэхэр, абыхэм законхэр кьыдэзыгъэкІэхэри яхэту, щепсальэ зэІущІэхэр кьызэрыщэрагъэпэщащ щыхуэхэм дабыгъащ.

Фигу кьэдгъэкІыжьынщ КъБР-м и Іэтащхьэм и жэдэмкІэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и школхэм «щІэблэхэм я зэІущІэхэр» зэрыщрагъэкІуэкІыр. ЕджапІэхэм кьыщыІэрагъэпэщ сабийхэр, абыхэм я адэ-анэр, жылагъуэ лІыкІуэхэр зыхэт дерс зэІухахэр. Абы и фІыгъэкІэ щІалэрэгъуалэр зыгъэпІейтей Іуэхуэхэм зэІухауэ щІоупщІэ икІи жиІуап уб5ыхуэхэр яГыэт. «Къулыкъущхэр телевизоркІэ къэпсалъэ кьудейкІэ зэфІэкІынукъым, ахэр дэтхэнэ школми нэсын, дэтхэнэ еджакІуэми хуэзэн хуейщ», - жеІэ Кьанокъуэ Арсен.

А жэрдэмыр республикэм исхэм дабыгъащ. «КъБР-м и Іэтащхьэм еупщІ» телепрограммэм хэту щыхуэхэм Кьанокъуэ Арсен жэуапхэр щаритым апхуэдэу жиІащ абы телефонкІэ къепсэльэхэм ящыщ зым. «Куэд мыщІауэ дэ школым драгъэблагъэри адэ-анэхэм я зэІущІэм дашати, хуабжьу сигу ирихьащ абы депутатхэр, жылагъуэ лІыкІуэхэр, дин лэжьакІуэхэр кьызэрырихьэлІар. Апхуэдэ зэІущІэхэр еджакІуэхэм хуабжьу яфІэгъэщІэгъуэнщ», - кьыхигъэщхьэхуэкІащ кьэпсэльам икІи апхуэдэ жэрдэмым папщІэ республикэм и унафэщхэм фІыщІэ яхуищІащ.

Республикэм и Парламентым хэт фракцхэм я лІыкІуэхэми кьыхагъэщащ апхуэдэ зэІущІэхэм сэбэныгъэ зэралэр. Депутатхэм кьызэральытэмкІэ, ахэр щІэх щІэхьыурэ егъэкІуэкІын, школхэм я мызакъуэу, вузхэми кьыщыдзэрагъэпэщын хуейщ.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ1ап1э.

КЪБР-м и Парламентымрэ Астрахань областым и Думэмрэ зэдэлэжьэну зэгурыІуащ

● Зэпыщ1эныгъэхэр

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентымрэ Астрахань областым и Думэмрэ зэрыдэдэлэжьэнымкІэ зэгурыІуэныгъэм Іэ щІидзащ законхэр кьыдэзыгъэкІ а органхэм я унафэщІхэу Чеченов Ануаррэ Клыканов Александррэ.

ЗЭГУРЫІУЭНЫГЪЭ зэрыщыІахэм кьызэральытэмкІэ, документыр лъабжьэ яхуэхъунущ парламентархэм зэІущІагъуэ ирагъэкІуэкІыну лэжьыгъэм. Абы щыхьэт тохъуэ блэкІа ильэсхэм зэфІагъэкІахэр.

- Дэ Урысей Ипщэ Парламент Ассоциацэм жыджэру дыщыщІэдзэлажьащ. Илъес, округыр зэгуагъэкІыжами, фІэкІыпІэ къэмыгъэхъуным екъэпІа Іуэхуэхэм хэхэуэ тепсэльыкьыхьн хуейщ.

Кьанокъуэ Арсен кьызэрильытэмкІэ, еджакІуэхэм я адэ-анэм республикэм и унафэщІ лэжьакІуэхэр, абыхэм законхэр кьыдэзыгъэкІэхэри яхэту, щепсальэ зэІущІэхэр кьызэрыщэрагъэпэщащ щыхуэхэм дабыгъащ.

Фигу кьэдгъэкІыжьынщ КъБР-м и Іэтащхьэм и жэдэмкІэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и школхэм «щІэблэхэм я зэІущІэхэр» зэрыщрагъэкІуэкІыр. ЕджапІэхэм кьыщыІэрагъэпэщ сабийхэр, абыхэм я адэ-анэр, жылагъуэ лІыкІуэхэр зыхэт дерс зэІухахэр. Абы и фІыгъэкІэ щІалэрэгъуалэр зыгъэпІейтей Іуэхуэхэм зэІухауэ щІоупщІэ икІи жиІуап уб5ыхуэхэр яГыэт. «Къулыкъущхэр телевизоркІэ къэпсалъэ кьудейкІэ зэфІэкІынукъым, ахэр дэтхэнэ школми нэсын, дэтхэнэ еджакІуэми хуэзэн хуейщ», - жеІэ Кьанокъуэ Арсен.

А жэрдэмыр республикэм исхэм дабыгъащ. «КъБР-м и Іэтащхьэм еупщІ» телепрограммэм хэту щыхуэхэм Кьанокъуэ Арсен жэуапхэр щаритым апхуэдэу жиІащ абы телефонкІэ къепсэльэхэм ящыщ зым. «Куэд мыщІауэ дэ школым драгъэблагъэри адэ-анэхэм я зэІущІэм дашати, хуабжьу сигу ирихьащ абы депутатхэр, жылагъуэ лІыкІуэхэр, дин лэжьакІуэхэр кьызэрырихьэлІар. Апхуэдэ зэІущІэхэр еджакІуэхэм хуабжьу яфІэгъэщІэгъуэнщ», - кьыхигъэщхьэхуэкІащ кьэпсэльам икІи апхуэдэ жэрдэмым папщІэ республикэм и унафэщхэм яфІэгъэщІэгъуэнщ.

Республикэм и Парламентым хэт фракцхэм я лІыкІуэхэми кьыхагъэщащ апхуэдэ зэІущІэхэм сэбэныгъэ зэралэр. Депутатхэм кьызэральытэмкІэ, ахэр щІэх щІэхьыурэ егъэкІуэкІын, школхэм я мызакъуэу, вузхэми кьыщыдзэрагъэпэщын хуейщ.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ1ап1э.

Хадэхэкіхэр гъэкіыным тещІыхьа проектхэр

Къэбэрдей-Балъкъэрым нэрылъагъу къешІ социально-экономикэ зыужьыныгъэм и унэтІыныгъэ нэхъыщхьэхэр тегушхуауэ зэрыпхнгъэкІыр

ИЛЪЭС зыбжанэкІэ щымыІауэ щІыналъэм тезыгъэзэжа къэшІэхэм зэакьылэгъуу кьыхагъэщ Къэбэрдей-Балъкъэрым зэхъуэкІыныгъэ инхэр кьызэрыщыхьуар. БгъэщІэгъуэну абы зыри хэлъкьым - КъБР-м псынщІэу зеужь, социально-экономикэ зыужьыныгъэм и Іэнатіэ нэхьыщхьэ псори япэкІэ егъэкІуатэ икІи Іуэху нэхьыщхьэхэм ящыщ куэдымкІэ Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ округым щыпашэхэм яхэту кьоКІуэкІ.

Заужьу щІадзащ

И нэхъыбаПІэкІэ дотацэм щыгугъуу зэгуэрым щыта Къэбэрдей-Балъкъэрыр езыр зыхэпсэукІын къэзылэжьыжьиф щІыналъэ хъууэ хуежьащ. Налогу кьыхахыр зэпымыуэу нэхъыбэ мэхъу. 2011 гъэм бюджетым и Іэнатіэ псоми налогу, налогхэм ящымыщ ахьшэу сом меларди 8,16-рэ, абы япэ ита ильэсым елытауэ проценти 6,8-кІэ нэхьыбэ кьыхуэхъуащ. Іэщ1агъэлІэхэм кьыхагъэщ республикэм и зыужьныгъэр нэхъ наІуэу къэзыгъэлъагъуэ Іуэхуэри - валовэ щІыналъэ продуктыр зэпымыуэу нэхьыбэ мэхъу. 2010 гъэм ельытауэ абы процент 24-рэ кьыхэхъуащ. Кьыз9рабжамкІэ, 2012 гъэм валовэ щІыналъэ продуктыр сом мелард 94,2-м нос.

- Мыбы и лъэныкъуэкІэ сэбэп хьуащ зыр адрейм пыщІауэ Іуэху куэд зэрызэфІагъэкІар, - жеІэ республикэм и Іэтащхьэ Кьанокъуэ Арсен. - Экономикэ, социальнэ зыужьныгъэмкІэ хуабжьу зэпэльытауэ зэхалъхьа программэхэм я лІабжьэщ инноваци бгъэдыхьэкІэр, пасэрей гупсысэкІэм кьытекІынырэ. Апхуэдэу сэбэп хьуащ щыхуэхэм я зэфІэкІым зэрыхэхъуари - лэжьакІуэхэм иджы Іэщ1агъэ лъагэ яІэщ.

(КІэухыр 2-нэ нап.).

Гу зылъытапхъэ

ІУЛЪХЬЭ зэрызэІэпахым, коррупцэм пыщІа Іуэхуэхэр зэралэжьым е ялжьыну зэрызагъэхьэзырым теухуа хьыбархэм фыщыгъуаэзмэ, сыт хуэдэ зэманми фыпсалъэ хьунущ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Администрацэм и деж щыІэ 8 (8662) 47-17-79, 47-32-56 телефонхэмкІэ.

Дунейм щыхъыбарэр

Къэралитым я зэхущытыкІэхэм зихъуэжыну?

Давос щекІуэкІ дунейпсо экономикэ зэхуэсыщхьэм щыІэу УФ-м и Правительствэм и Унафэщ1 Медведев Дмитрий епсэльыпІащ Куржым и премьер-министр Иванишвили Бидзинэ.

Медведевым и пресс-секретарь Тимаковэ Наталье зэрыжиІамкІэ, Урысеймрэ Куржымрэ я премьер-министрхэр ильэсипІрэ нэхъыбэ блэкІам къриубыдэу иджы япэу зэІущІэу аращ. 2008 гъэм и щышхьэІу мазэм Куржыр Осетие Ищэм щеІэуам гуэвэгъэу хэхуаэм, лей зытетыхэм Урысейр кьащхьэщжа нэужь, лъэныкъуитІым я зэхущытыкІэхэр зэІыхьэпаУ щытащ. Ди къэрал унафэщІхэм мыуэ-мытІэу жаІащ Куржым и президент Саакашвили Михаил зыкІи Іуэху хуаІэну зэрыхуэмейр, сыт хуэдэ лъэныкъуэкІи зэрыдэмылъэжьнэр икІи иджыри къэс а псалъэм тетащ.

Илъэс кІуам и жэпуэгъуэм «Куржы хъуэпсапІэ» партыр парламент хэхьныгъэхэм щытекІуащ икІи Саакашвили Михаили абы кьыдэщІхэри текІуэтын хуей хьуащ. Иванишвили Медведевым кьыбгъэдыхьэу дакьикъэ зыбжанкІэ нэхъ мыхъуми зэрызэпсэльа кьудейм гугъэ уегъэщІ къэралитІым я зэхущытыкІэхэм зэхуэжу я зэпыщІэныгъэхэр зэфІэувжьыну.

ПсэупІэу яхуэм хохьуэ

Урысейм иэгъабэ псэупІэу щаухуар абы и пэ ита ильэсым ельытауэ нэхьыбэ зэрыхъуар жиІащ УФ-м щІыналъэ зыужьныгъэмкІэ и министр Слюняев Игорь.

«2012 гъэм ди къэралым псэупІэу метр зэбгъуэнатІэ мелуан 65-м нэс щатащ. Ар процент 4,4-кІэ нэхьыбэщ абы и пэ ита ильэсым нэхьрэ, хуэдитКІэ щегъу 2001 гъэм яхуэзэфІэкІаУ щытам», - щыжиІащ министрым УФ-м и Президентым и деж къэралым социально-экономикэ и лъэныкъуэкІэ зэрызнужь щІыкІэр хэзыпІащ щыІэ комиссэм и зи чэзу зэІущІэм.

Итамбыл и европей Іыхьэм

Тыркум и мурадри дунейм щыщхъ ин дыдэ аэропорт Истамбыл щиухуну. Апхуэдэу жиІащ а къэралым транспортымкІэ и министр Ыылдыым Бинали.

Къэрал къулыкъущІэм зэрыжиІамкІэ, кхъухьлъатэпІэщІэм и щубыдынущ метр зэбгъуэнатІэ мелуан 77-рэ, ар Истамбыл и европей Іыхьэм хиубыдэу, тенджы ФІыщІэ Іуфэм декІуэкІыу ящІынущ, ильэсым щІыхь мелуани 150-м Іуэхутхъэбэ яхуищІэфуи щытынущ.

Иджпсту Тыркум и кхъухьлъатэпІэ нэхъ иныр Ататюрк и щІэр зэрихьу Истамбыл дэтырщ. Ари щыкІукъым, щыху мелуан 45-м щІигъу ильэсым абы тольэтыкІ е кьыщотІысэх. Дунейм зэкІэ щынэхь ин дыдэр Лондон кьаІэм хиубыдэ Хитроу аэропортырщ, ильэсым щыху мелуан 70-м ящІадзажьэр.

НОБЭ

t Москва къэрал университетым и махуэщ

t Урысей Федерацэм Іэщэ1Іэ Зэщ1эуэцца и Къэрухэм я Штаб нэхъыщхьэм и махуэщ

t Илъэс 95-рэ и пэкІэ (1918 гъэ) Советхэм я III урысейпсо съездым Урысейр Рабочэ, сэлэт, мэжьмуш депутатхэм я советхэм я Республикэу къыщалытащ.

t 1919 гъэм Деникин и дзэхэм Налшык къалэр ябыдащ.

t 1936 гъэм Стахановым и дзэкъэІэм теува гупышхуэ лъагъуэрыгъажьэКІ Налшык къыщІущ.

t Сабий усакІуэ **Щоджэн Леонид (Асльэнджэрий)** и ныбжьыр илъэ 78-рэ ирокъу.

t КъБР-м щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ **Безыр Чэмал** 1939 гъэм къыхьащ.

t Мэкъумэш щІэныгъэхэм я доктор, КъБКъМУ-м и профессор **ГъукІэжь Владимир** и ныбжьыр илъэ 72-рэ ирокъу.

t 1947 гъэм къалъхуащ УФ-м щІыхь зиІэ и егъэджакІуэ, КъБР-м и цІыхубэ егъэджакІуэ **Щад Аджэрий.**

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым кьыгъэритымкІэ, Налшык пшэ техъэ-текІыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градуси 4 - 5, жэщым 2 - 4 щыхъунущ.

Загъэкъэзырар ЖЪЭКІЭМЫХЪУ Мариэт.

Лъэпкъ Іуущ1ъэ:

Джэду здэщ1ымыІэм дзыгъуэр щоятэ.

Ди къуэш республикэхэм

Гъатхасэм зыхуащІ

КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС. ***Республикэм и мэкъуэшыщІэхэм гъатхэ губгъуэ лэжьыгъэхэм зыхуагъэхьэзыр. Я техникэр зэрагъэпэщыж, жылапхъэхэр ягъэхьэзыр, щыгъэпщэрхэр къащэху.***

КъШР-м и мэкъуэмышыщІэхэм нартыху жылэр гектар мин 24-м, сэхуранымрэ соемрэ гектар мин 15-м трасэну, фошыгъу жэгундгэр гектар мини 8-м, кІэрІтофыр гектар мини 6-м хагъэзэгъэну я мурадщ.

Гъатхасэр щрагъэжьэкІыну щыІэр Іэкьыхьэм яваш. ЖылапхъэхэмкІэ нэгъабэ ельытауэ хуэдэн 2,5-кІэ нэхъыбэу кьыззэгъэпэщащ.

ПсэупІэкІэ кьыззэрагъэпэщ

АДЫГЕЙ. ***Федеральнэ центрым сом мелуан 75,5-рэ республикэм кьыхэупІыпщащ Хэку зауэшхуэм и ветеранхэу я псэупІэхэр прагъэфэкІуэн папщІэ 2005 гъэм гъатхэпэм и 1-м и уэкьыІ уэтым уваХэм хуха-хьын папщІэ.***

АБЫ и фІыгъэкІэ ветеран 88-рэ псэупІэкІэ кьыззэрагъэпэщыну Іэмал яГуэтащ. Адыгейм Лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьныгъэмкІэ и министерствэм кьызэриТамкІэ, 2005 гъэхэм гъатхэпэм и 1-м и уэкьыІэ зэзыгъэтха ветеран 658-м ящыщу 527-м я псэупІэр ирагъэфІэкІуащ. Щыху 43-м хуХаха мылькыр мыгувэу кьаІэрыхьэнущ. Хэку зауэшхуэм и ветеранхэр псэупІэкІэ кьызэрэпщын лэжьыгъэр Адыгейм и Іэтащхьэ Тхьэкіушынэ Асльэнджэрий и нэІэм щІэтщ.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

● Аруан щІыналъэ

Жылагъуэ псоми нэсынущ

Къэбэрдей-Балъкъэрым (Зэкьыгъэмрэ социальнэ зыужьныгъэмкІэ и министерствэм зэрибзыхуам тету, абы и лэжьакІуэхэм республикэм и щІыналъэхэм я кьыззэхахІухь. Кьалэн нэхъыщхьэр жылагъуэдэсхэр нэхъыбэу зытегъэвьыхь Іуэхугъуэхэм нэхъ кІуэу щыгъуаз зацІынырщ.

МИНИСТЕРСТВЭМ и Іэщ1агъэлІэхэм Аруан щІыналъэм хиубыдэ Старэ Шэрэдж къуажэм зи чэзу зэІущІэр щрагъэкІуэкІащ. Щыхуэхэр нэхьыбэу щІэупщІащ псэуныгъэм, коммунальнэ Іуэхуэхэм техуауэ УФ-м, Къэбэрдей-Балъкъэрым и хабзэгъэув Іэнатіэхэм кьащтэ законыщІэхэр ди щІыпІэм зэрыщыпажьэ щІыкІэм, хабзэ щхьэхуэхэм халъхьа зэхъуэкІыныгъэхэм. Кьуажэдэс куэд апхуэдэу щІэупщІащ дохутыр Іуэхутхьбзэхэм, сабий зыгъэпІа анэхэм къэралым кьарит дэЗпыкьуэныгъэхэр зыхуэдэмрэ зыхуэдэнымрэ. Гупым хэтхэм гупыпІэ щхьэхуэ хуащІащ икІи зэпкъхауэ тепсэлъыхьащ бынунагъуэшхуэхэр, хуэмыщІауэ псэу унагъуэхэр зыщыгъуэзэн хуей Іуэхугъуэ нэхъыщхьэхэм.

Дызэрыщыгъуазэщи, къэралым и социальнэ Іэхэхутхьбзэхэм ящыщ куэд къуажэдэсхэм я деж щыпэмыс кьохъу, Іуэху пыухыкІахэм зэрыщымыгъуазэм кьыхэкІыу. КьищынэмыщІауэ, дэфтэр щхьэхуэхэм я гъэхьэзырыкІэм, ахэр зэхъэхІэн хуей Іэнатіэхэм и чэзум екІуэлІэным гугъуехь щхьэхуэхэр щапыщІам и щапхъэхэри гъэнэжщ. Апхуэдэ щытыкІэ ихуа унагъуэхэм, щыху щхьэхуэхэм ядэІэпыкъуныр зи гугъу тщІы гупым я лэжьыгъэр зыхуэнэтІар.

Старэ Шэрэджым нужькІэ КъБР-м Лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьныгъэмкІэ и министерствэм и гупыр Аруан кІуэнущ икІи кьуажэдэсхэм я упщІэхэм жэуап иратынущ.

ЖАНХЪУЭТ Зузэ.

Урысей студентхэм я махуэм ирихьэлІэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ Къанокъуэ Арсен студентхэм ЗЭРЫЗАХУИГЪАЗЭР

Ныбжьэгъу лъапІэхэ!

Урысей студентхэм я махуэмкІэ си гуапэу сынывохъуэхъу.

Студент лъэхъэнэр, шэч хэмылъу, гъащІэм и Іыхьэ нэхъыфІ дыдэщ, Іуэхущ Іэхэр къыщалъыхъуэ, куэдым щыхуэпльэ, егуГъуу щджэ, щІэныгъэ творчествэм щыхэт, мурад инхэмрэ гугъапІэ лъэщхэмрэ щаубзыху эманщ. Нобэ фэ жэуап хэха къывбГъдохуэ къэралым и къэКІуэнум, иджырей Урысей зэтегъэуВэным хуэунэтІа Іуэхуэхэр гъэзэщІэным я лъэныкъуэкІэ. Фэ куэдкІэ фывыхащ ди къэралым дунейпсо утыкум щиубыдыну увыпІэр зыхуэдэр. Абы кьыхэкІыу мыхьэнэшхуэ иІэщ, сыт щыгъуи хуэдэу, студентхэр урысей щІалэгъуалэм и гуп нэхъ пэрыту икІи пашэу зэрыщытым.

Сытым дежи фІым фыхуэпльэу, гуапагъэ фи мурад, гъащІэр фІыуэ флъагъуу фыщыт, щІэныгъэ зэвгъэгъуэт, фи зэхэщІыкІымрэ дуней епльыкІэмрэ зевгъэубгъу. Республикэм и къэрал властым и органхэми езыхэм я деж зыри къыщагъэнэнукъым фи зэфІэкІым, ІэщІагъэм, творчествэм зевгъэужьыныжьмкІэ, жылагъуэ Іуэхуэхэм фи къарур щывгъэлъэгъуэныжьмкІэ Іэмал тэмэмхэр къызэрэгъэщынымкІэ лъэныкъуэкІэ.

Сыныводхуэхъу уэзыншагъэ быдэ, ефІэкІуэныгъэ фиГъэнгъ, едэжьныжьмкІэ ехъулІэныгъэщІэхэр къэфхыну, фи мурад, плъапІэ нэхъыщхьэхэр къывэхъулІэну.

● Дыгъуасэ

ЗэфІагъэкІахэр мащІэкъым

Налшык щыІэ «Синдикэ» хъэщІэщым дыгъуасэ щекІуэкІащ Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ округым и щІыналъэхэм кьызэрымыкІуэ щытыкІэхэм щапэщІэтыным, абыхэм я лъэужьхэр гъэзэкІуэжьным хуэунэтІауэ зыуэ щыт кьэралІуэхущІапІэм нэгъабэ зэфІигъэкІахэр щызэхалъхьжа зэІущІэ.

ЗЭХЫХЬЭМ и пэщІэдзэм КъБР-м и Правительствэм и Тхьэмадэм и япэ кьуэдзэ, республикэм кьызэрымыкІуэ щытыкІэхэмрэ мафІэ щынагъэншагъэмкІэ и комиссэм и унафэщІ **Уянаев Казым** Къэбэрдей-Балъкъэрым и Іэтащхьэ **Кьанокъуэ Арсен** и фІэхъусыр кьызэхуэсахэм ярихьыжа нэужь, кьыхалъхьа Іуэхум теухуауэ зэІущІэм кьыщыпсэльащ УФ-м МафІэс кІэльыплъыныгъэмкІэ и къэрал инспектор нэхъыщхьэ, генерал-полковник **Кириллов Геннадийрэ** Урысейм и МЧС-м и Кавказ Ищхьэрэ щІыналъэ центрым и унафэщІ, къэрал кІуэцІыдзэм и генерал-лейтенант **Литюк Николайрэ.**

Лэжьыгъэм кьыхэжаныкІахэм дамыгъэхэр, сауТэт лъапІэхэр, щІыхь тхылъхэр, гуп пашэхэм кубок зэІущІэхэр иратащ.

ЗэІущІэм мы гъэм нэхъыщхьэу кьапэщытхэр щагъэбелджылащ.

ХЬЭЖЬІКЪАРЭ Алик.
Сурэтыр **МАМИЙ Руслан** *трихащ.*

● Аруан щІыналъэ

Жылагъуэ псоми нэсынущ

Къэбэрдей-Балъкъэрым (Зэкьыгъэмрэ социальнэ зыужьныгъэмкІэ и министерствэм зэрибзыхуам тету, абы и лэжьакІуэхэм республикэм и щІыналъэхэм я кьыззэхахІухь. Кьалэн нэхъыщхьэр жылагъуэдэсхэр нэхъыбэу зытегъэвьыхь Іуэхугъуэхэм нэхъ кІуэу щыгъуаз зацІынырщ.

МИНИСТЕРСТВЭМ и Іэщ1агъэлІэхэм Аруан щІыналъэм хиубыдэ Старэ Шэрэдж къуажэм зи чэзу зэІущІэр щрагъэкІуэкІащ. Щыхуэхэм нэхьыбэу щІэупщІащ псэуныгъэм, коммунальнэ Іуэхуэхэм техуауэ УФ-м, Къэбэрдей-Балъкъэрым и хабзэгъэув Іэнатіэхэм кьащтэ законыщІэхэр ди щІыпІэм зэрыщыпажьэ щІыкІэм, хабзэ щхьэхуэхэм халъхьа зэхъуэкІыныгъэхэм. Кьуажэдэс куэд апхуэдэу щІэупщІащ дохутыр Іуэхутхьбзэхэм, сабий зыгъэпІа анэхэм къэралым кьарит дэЗпыкьуэныгъэхэр зыхуэдэмрэ зыхуэдэнымрэ. Гупым хэтхэм гупыпІэ щхьэхуэ хуащІащ икІи зэпкъхауэ тепсэлъыхьащ бынунагъуэшхуэхэр, хуэмыщІауэ псэу унагъуэхэр зыщыгъуэзэн хуей Іуэхугъуэ нэхъыщхьэхэм.

Дызэрыщыгъуазэщи, къэралым и социальнэ Іэхэхутхьбзэхэм ящыщ куэд къуажэдэсхэм я деж щыпэмыс кьохъу, Іуэху пыухыкІахэм зэрыщымыгъуазэм кьыхэкІыу. КьищынэмыщІауэ, дэфтэр щхьэхуэхэм я гъэхьэзырыкІэм, ахэр зэхъэхІэн хуей Іэнатіэхэм и чэзум екІуэлІэным гугъуехь щхьэхуэхэр щапыщІам и щапхъэхэри гъэнэжщ. Апхуэдэ щытыкІэ ихуа унагъуэхэм, щыху щхьэхуэхэм ядэІэпыкъуныр зи гугъу тщІы гупым я лэжьыгъэр зыхуэнэтІар.

Старэ Шэрэджым нужькІэ КъБР-м Лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьныгъэмкІэ и министерствэм и гупыр Аруан кІуэнущ икІи кьуажэдэсхэм я упщІэхэм жэуап иратынущ.

ЖАНХЪУЭТ Зузэ.

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

Хадэхэкіхэр гъэкіыным тещіыхьа проектхэр

(КІэухыр. Пщіэдзэр 1-нэ нап.)

Къэрал инвестицэ политикэр пхыгъэкІынмэ гупылъитакІэу, абы кІыхьэкІыу лажьэу щыІэ предприятэхэр кьагъэщІэрэщІэжащ, щІэуэ куэд яухуащ. Псалъэм папщІэ, иджыкІей техникэмрэ технологиехэмкІэ кІыхьэрагъэпэщащ «Алькасар» (жьэумым йолэжь, щагъыпрхэр ещІ), «Кристалл-Тэрч» (минеральнэ псы ирегъахьуэ) предприятэхэр. Налшык дэт макарон фабрикэм кІэщІу зэпыупщІа макаронхэр щащІ ІэнатІэ, Налшык гъэщ комбинатым щэ щІэмыхуэм кІыхьэщІкІэ щхыныгъуэхэр щагъэхьэщІэр цех кІыщыщІэлуэхащ.

2011 гъэм «Тэрчалмаз» компанием УФ-м Промышленностымрэ сатумкІэ и министерствэм къэрал контракт иригъыІащ иджыкІей автомат системэхэм кІыщагъэсэбэп Іэмэпсымэщэ зэхащІ технологие зэтегъэуцэвэным теухуауэ. Зэрагъэпэщыжри иджыкІей техникэ Іэмэпсымэхэр щагъэуващ «Телемеханика», «Кавказкабель» кабель завод» предприятэхэм. «Севкаврентген-Д» заводым иджыкІей рентген техникэ щащІу щІадзащ, апхуэдэу металлым кІыхьэщІыкІэ пкыгъуэхэр кІыщІэзыІэжкІ ІэнатІэ щІэзэтрагъэуващ.

«Комплект» вакъэ фабрикэм Италием щыщ «Маингур» фирмэм ящыгъуэ щагъэуващ лъэгуащІых зэмыІофэгъуэхэр щагъэзэгынэ. Апхуэдэу лъахэстэнымкІэ кІыхьэщІыкІэ хьэпшыпхэр кІыщІэзыІэжкІ «Каристе» предприятэщІэ лажьэу ящІыпщащ. «Эрпак» предприятэм Италием щыщ «SIPACK» фирмэм и иджыкІей оборудованиэ щолажьэ. Гъуэгу-бетон пкІыгъуэхэр кІыщІигъэкІыу Налшык дэт заводым лъэс зекІуапІэхэр кІыхьэрыращыкІ иджыкІей плиткэхэр щагъэхьэщІу. Яухуэри лажьэу ящІыпщащ «Джеха» унэтІащІэхэр щащІа заводымрэ щхьэгъубжэхэр щащІ «Фенстер-Бау» заводымрэ.

Кьуажэм папщІэ инвестицэхэр

КъБР-м и мэкъумэш ІэнатІэм зэпэуэрыту лажьэу, зиужьу хуежьащ - а Іэнатім кІыщалэжь мэкъумэшхэмкІэ 2010 - 2012 гъэхэм кьурыбыдэу процент 25-кІэ хэхьащ. МэкъумэшыщІэхэм къэралым и дэІэпыкъуныгъэу сом мелард 4-рэ мелуан 420-рэ хуаутІыпщащ, абы щыщу сом мелардри 3-рэ мелуан 450-р лэжьыгъэ ІэнатІэхэм трагъэкІуэдэн, адрей кьэнар кьуажэм и социальнэ эзыужьныгъэм ехьэлІа Іэхэухэм хухахьи папщІэ.

Республикэм псори зэхэту сом мелард 10 и уасэу инвестицэ проект 82-рэ щагъэзащІэ. Мыбдеж гупылъитэ кІыхьэкІуэдащ зэропромышленнэ комплексым зыщІэзыІэкъуэ банкхэм я кредит политикэр зэгъэуІуным, апхуэдэу мэкъумэш продукцэ кьекъэлІэным, хьумэным, абы елэжьыным теухуауэ дуней псом ипромышленностэ и хьыкІфэр ІэнатІэм кьыщыгъэсэбэпынымрэ.

Аграрнэ промышленностым зегъэужьныкмкІэ унэтІыныгъэ нэхъыщхьэу кьыхахащ пхъэщхьэмыщхьэ, жьэум, хадэхэкІ гъэкІыныр, Іэщ гъэхэуныр. КъэбэрдейБалькъэрым ещхьысыдзэу ижІи егупъуу щолэжь хозэйствэ инхэмрэ щыхухэм я уней лъапсэхэмрэ жьг хадэхэр щыгъэкІыным. Республикэм пхъэщхьэмыщхьэрэ мэракІуэу езым хуриКІыну псори егъэкІ. Абы кьыдэкІуэу жьгыщІэхэр ящэн папщІэ Кавказ Ищхьэрэм и щыналъэ псоми кьыкІыурэ кьоКІэ.

Жьг хадэхэр щагъэныу Шэрджэм районым щыІэ «Аламат» предприятэм куэд мыщІауэ щыщыІам УФ-м мэкъумэш хозэйствэмкІэ и министр Федоров Николай жиІащ жьг хадэхэр гъэкІыныкмкІэ КъБР-м щыІэ лэжьакІэр «хэкум щащІа продукцэр рынокым щыпхыгъэкІыным щегъэжьауэ хозяйствэхэм иджыкІей инфраструктурэрэ техникэщІэмрэ иригъуу зэрамыІэм нэсу» агропромышленнэ комплексым щыІэ гугъуехьхэр дагъэкІныкмкІэ адрей предприятэхэм щагъэхьэщІ тэ зэрыхъунур.

ІэнатІэм адэкІи зегъэужьныным кьыгъэхьапІэ зиІэ и Іыхьэу уваща иджыкІей пхъэщхьэмыщхьэ, хадэхэкІ хьумапІэхэр хуэныр. Республикэм псори зэхэту тонн мяин 10 зыщІэхуэн апхуэдэ комплексу плІы, жэм 3100-рэ щаІыгъын гъэш комплексу плІы, ІэщвэщІэу 5100-рэ щагъэшхэн Іуэхущапіэу щы, «Велес Агро» зэгугъэныгъэм и джэдкьаз фабрикэм и апэ Іыхьэр щаухуащ.

Республикэр гъэугу тэмэным тетщ

Кьэбэрдей-Балькъэрыр Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ округым инвестицэхэр кьыщІагъэсэбэпынымкІэ и щІыналъэ нэхъ удэзыхьэхэм ящыщ. «Кьэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Инвестицэ фондым и Іуэхукі» КъБР-м и Правительствэм и унафэ кьыдэкІащ, 2012 - 2015 гъэмэ ятещІыхьа «КъБР-м щыІэ инвестицэ щытыкІэр егъэфІэкІуэныр» республикэ программэ хэхар кьащтащ, инвестицэ лэжьыгъэм и субъектэу щыт Іуэхущапіэу, предприятэу инвестицэ проектхэр щІыналъэм щызыІэтэщІэхэм налогхэмкІэ зэрыхудачых, кьаІэрыхьэ хэхьуэм текуэ налогхэр зэрыхуагъэмащІэ хабзэхэр кьащтащ.

Ильэсищым кьриубыдэу КъБР-м щрагъэкІуэжЕ розницэ сатур тонаркІэ тещІыхьауэ процент 30-м нэблагъэкІэ нэхъыбІэ хьуащ. 2012 гъэм ар сом мелард 81,98-м нэсауэ кьабжащ. Апхуэдэу Кьэбэрдей-Балькъэр Республикэм щыщу кьэралщІыбэ экономикэ лэжьыгъэм хэтхэм, кьыІэрыпытамкІэ, 2012 гъэм США-м и доллар мелуани 165-р, 2013 гъэм ельытауэ хуэдитІкІэ нэхъыбэ, эзблагъэкІащ. КьэралщІыбэ сату нэхъ зыубгъуауэ здащІэхэм ящыщу Италиер, Тыркуер, Германиер, ГФГ-м, хьыкъэ кьэралхэм ящыщу - Азербайджанир, Кьэзахстанир, Украинэр.

- Кьэбэрдей-Балькъэрыр ящыщу мэкъумэш инвестицэ и Іэнатім ехьэлІауэ Италием щызэхалъхьа ІэмалыщІэхэр нэхъ тэмэму инкІи зыубгъуауэ кьэзыгъэсэбэп щыналъэхэм, - жиІащ Италием и лыкІуэу Урысейм щыІэ Ланди Антонио.

- Экономикэм зэрызиужьым нэхъыщхьэ дыдэу кьихь сэбэпынагъыр социальнэ гугъуехьхэр дэгъэкІынымкІэ диІэ Іэмалхэм зэрыхъуэрщ, - жеІэ Кьанокьуэ Арсен. - Іуэху куэд кьыдэхьулІащ: ІуэхущапіэщІэхэр кьэгъэуІуным, щэнхабзэ унэхэр, спорт комплексэр яухуащ, сымаджэщхэм я поликлиникэхэмрэ мылькупрэ техникэкІэ яІэ зэфІэкІым хагъэхьащ, псы зризкІ бжьамийуэ жьы дыдэ хьуахэр зэрахьэжкІащ, гъэугъэкІэ, псэупІэ унэхэр зэрагъэпэщыжащ, лэжьапІэнэшхэм я бжьыгъэм кІэрыхуащ, демографиер йофбжьуэк. Кьэбэрдей-Балькъэрщ ди зыужьныныгъэм ехьэлІа Іуэхуэхэм зэпэуэгъуэ зэрыІэжьынымрэ, абы кьыхэкІыу республикэм исхэм я псэукІэр нэхъыфІ хуащ.

Министрым жеІэ

УФ-м мэкъумэш хозяйствэмкІэ и министр Федоров Николай:

- Мыбы сэ щысльэгъуа предприятэхэр, абыхэм идкьыпсту яухуэхэри яхэту, ипэжыпІэкІэ иджырейщ, технологие нэхъыфІ дыдэхэм ятещІыхьащ инкІи кьэкІуэну зэманым хэхэгъэнэщ. Апхуэдэ бгъэдыхьэкІэрщ ди кьэралым дунейпсо утыкум щиІэ зэфІэкІыр кьэзыІэтынур. Кьэбэрдей-Балькъэрыр Дунейпсо сату организацэм кьигъэувэхэм пэлъэщу зэрылъэжьным хуэхьэзырщ. Я пІэнэ мащІэ дыдэр арамэ, абы кьэралым исхэр экологие и лъэныкьуэкІэ дагъуэ зимыІэ шхыныгъуэхэмкІэ, языныкьуэ шхын лІэужьныгъуэхэмкІэ - СНГ-м хэт кьэралхэр, Европэм и кьэралхэр кьыхэзырыгъэпэщыфынущ. КъБР-м щрагъэжьауэ Урысей псом зыхуэбгъэдэн щымыІэ лэжьапІэ куэд.

Бжьгъэшхэщ

Агропромышленнэ комплексым и Іэнатім хичыдзуэ КъБР-м щагъэзащІэ псори зэхэту сом мелард 10 зи уасэ инвестицэ проектхэр.

КъБР-м щагъэзащІэу щІадзащ пасэу кьыхэупыкІэ жьг хадэхэр, жьэум хадэхэр хэсэнымкІэ, биотехнологиехэр я лъабжьэу помидорымрэ нащхьэ теплицэхэм щыгъэкІынымкІэ, нэгъуэщІ кьэралхэм кьраш консервхэм я пІэ иувэфын продукцэу кьыщагъэкІыным хэгъэхъуэнымкІэ республикэ программэр. 2020 гъэм ирихьэлІэу щІыналъэм тхэпшэмышхэрэ нэрэкІуэу кьышхрахьэлІэр тонн 1 мелуаным нэсынущ.

КъБР-м и Парламентым кьищта бюджетым ипкъ иткІэ 2013 гъэм республикэм щрагъэмэхэуэ 22-рэ гъэщІэнымрэ трагъэжьауэ ахьэщ нэхъыбэ щІэт. Псалъэм папщІэ, унэгъэщІэщхэр псэупІэкІэ кьыдзэгъэщынымрэ хухаха ахьшэм сом мелуан 50, сабийхэм я узынщагъэр егъэфІэкІуэным - сом мелуан 92-рэ, щІыхуэм социальнэ дэІэпыкъуныгъэ етынымрэ, адміністрацэм ящІэщхьэпохэр гъэмэщІэнным - сом мелуани 194-рэ щагъуэ.

Псальэм кьыдэкІуэу жьытІэнщІ, КъБР-м и Правительствэм и деж кьыщІэзырагъэпэщащ щІэныгъэ-технологие зыужьныгъэмкІэ жьылагъуэ совет. Абы республикэм щрагъэжьауэ щІэныгъэ-технологие политикэм мыхьэнэшхуэ зиІэ и унэтІныгъэхэр иубзыхунущ, технопаркэхэр, бизнес-инкубаторхэр, щІэныгъэ-технологие центрхэр, иджыкІей инфраструктурэм и нэгъуэщІ Іуэхущапіэхэр ухуэныжрэ ахэр гъэпэлъэныжмкІэ дэІэпыкъуэгъуэ щытынущ.

«Российская газета» («Щыналъэ. Кавказ Ищхьэрэ» кьыдэкІыгъуэ хэха), №9, 2013 гъэм щылышылэм и 18-м.

ИЛЪЭС 80 и пэкІэ, Совет властым и унафэкІэ Кьэбэрдеймрэ Балькъэрымрэ ядэжа пІэхэр кьыщыІэзэІуахьу щыІэхэр щІэхъуэн школри. А лъэхъэнэм кьуажэм япэ дыдэу кьагъэкІуа гъэздэжкІуэм, унащхьэчэзууэ ядэжкІуэхэр кьыІэрыхишам щегъэжьауэ гъэщІэгъуэн куэд итщ тхылъым. Хьамсинэ зэхуихьэса тхыгъэхэмрэ зыхэпІьа архив дэфтэрэхэмрэ кьигъэсэбэнуэр, школым и блэкІа ящыкъэм ирипІэжащ икІи и тхыдэр нэсу зэфІигъэувэжащ.

Щыхур и сабингъуэм кьыщожьІ, дэтхэнэми балигъ гъащІэм хуич лъэбакъуэм кьежьащІэ хуэхъуэ пэщІэдзэ гъэжапІэрщ. Абдежым щегъэжьауэ егъэжакІуэхэр псэемыблэжу я лэжьыгъэм зэрыпэрытым, школ унафэщІу щытахэр, щІэса еджакІуэхэм я бжьыгъэ, езы школым зэманым зэрызыдиужьам, нэгъуэщІэхэм теухуа хьыбархэм гъэщІэгъуэну укьоджэ. ЕджапІэм и фІагъри, щекІуэкІ лэжьыгъэм и инагъри кьыІэрыпщІэр ныбжьыщІэхэм я ехьулІэныгъэрщ. Абы хуэхэа напэкІуэцІхэм кьыщыхьащ курыгъэ школ №2-м щІэсахэр зыхэта зэпеуэхэр, олимпиадэхэр...

Районрэ республикэрэ зэхьэзэуэхэм нэмыщІ, мыбы и гъэсэныгъэ хэтащ 1-нэ каналымкІэ екІуэкІ «Іущхэмрэ Іуащыщхэмрэ» телеэнэтыным икІи апэ увыпІэр кьыщыхьри, МГИМО-м щІэтІысхьауэ щытащ Фырэ Алим, зэпеуэм пэлъэщу зэрылъэжьным хуэхьэзырщ. Я пІэнэ мащІэ дыдэр арамэ, абы кьэралым исхэр экологие и лъэныкьуэкІэ дагъуэ зимыІэ шхыныгъуэхэмкІэ, языныкьуэ шхын лІэужьныгъуэхэмкІэ - СНГ-м хэт кьэралхэр, Европэм и кьэралхэр кьыхэзырыгъэпэщыфынущ. КъБР-м щрагъэжьауэ Урысей псом зыхуэбгъэдэн щымыІэ лэжьапІэ куэд.

Бжьгъэшхэщ

Агропромышленнэ комплексым и Іэнатім хичыдзуэ КъБР-м щагъэзащІэ псори зэхэту сом мелард 10 зи уасэ инвестицэ проектхэр.

КъБР-м щагъэзащІэу щІадзащ пасэу кьыхэупыкІэ жьг хадэхэр, жьэум хадэхэр хэсэнымкІэ, биотехнологиехэр я лъабжьэу помидорымрэ нащхьэ теплицэхэм щыгъэкІынымкІэ, нэгъуэщІ кьэралхэм кьраш консервхэм я пІэ иувэфын продукцэу кьыщагъэкІыным хэгъэхъуэнымкІэ республикэ программэр. 2020 гъэм ирихьэлІэу щІыналъэм тхэпшэмышхэрэ нэрэкІуэу кьышхрахьэлІэр тонн 1 мелуаным нэсынущ.

КъБР-м и Парламентым кьищта бюджетым ипкъ иткІэ 2013 гъэм республикэм щрагъэмэхэуэ 22-рэ гъэщІэнымрэ трагъэжьауэ ахьэщ нэхъыбэ щІэт. Псалъэм папщІэ, унэгъэщІэщхэр псэупІэкІэ кьыдзэгъэщынымрэ хухаха ахьшэм сом мелуан 50, сабийхэм я узынщагъэр егъэфІэкІуэным - сом мелуан 92-рэ, щІыхуэм социальнэ дэІэпыкъуныгъэ етынымрэ, адміністрацэм ящІэщхьэпохэр гъэмэщІэнным - сом мелуани 194-рэ щагъуэ.

Псальэм кьыдэкІуэу жьытІэнщІ, КъБР-м и Правительствэм и деж кьыщІэзырагъэпэщащ щІэныгъэ-технологие зыужьныгъэмкІэ жьылагъуэ совет. Абы республикэм щрагъэжьауэ щІэныгъэ-технологие политикэм мыхьэнэшхуэ зиІэ и унэтІныгъэхэр иубзыхунущ, технопаркэхэр, бизнес-инкубаторхэр, щІэныгъэ-технологие центрхэр, иджыкІей инфраструктурэм и нэгъуэщІ Іуэхущапіэхэр ухуэныжрэ ахэр гъэпэлъэныжмкІэ дэІэпыкъуэгъуэ щытынущ.

А Іуэхугъуэхэр ґъатхэпэм и кІэ хьыкуэ зэфІагъэзэкІнурэ, итІанэ сэным щІадзэнущ.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

● Тхыгъэщ1э

Хъамсинэ и тыгъэ

Аращ Къэхъуэн къуажэ дэт курыт школ №2-р пэщІэдзэ еджапІэу кьыІэзэрыІуахрэ - ильэс 80, курыт школ зэрыхъурэ ильэс 55-рэ щрикъум ирихьэлІэу тхыдэ щІэныгъэхэм я кандидат, КъБР-м щІыкІэ зиІэ и егъэджакІуэ Шыбзыхьыгъэ Хъамсинэ кьыдигъэкІа тхылъым зэреджэр. Школым, егъэджэныгъэм, щІэныгъэм цІыху гъащІэм щиІэ мыхьэнэм, нэхъыщхьэжащ, егъэджакІуэ Іэщлагъэм жылагъуэм кьыхунхь сэбэпынагъым теуху тхыгъэ кІэщІкІэ и ІэдакъэщІэкІыр кьытхузеІуех Хьамсинэ.

Влади Маринэ и гъусэу.

● Фэеплъ

Щ1ыхубэм ф1ыуэ ял1эгъуа Высоцкий Владимир

Куэдым ф1ыуэ ял1эгъуа артист, уэрэджыІакІуэ, усакІуэ гъуэзэджэ Высоцкий Владимир кьыІэрыхуэрэ ильэс 75-рэ ирокьу.

ВЫСОЦКИЙ Владимир 1938 гъэм щІыщІэм и 25-м Москва кьыщалъхуащ. Курыт еджапІэ нэужьым ар МХАТ-м и студием и актер кьудамэм щеджащ. Пушкин Александр и цІэр зезыхьэ драмэ театрым, Миниатюрэхэм я театр Москва щыІэм 1960-1964 гъэхэм щылъэжьауэ Драмэмрэ комедиемкІэ и театрым кІуащ икІи 1980 гъэ пщІондэ абы щылъэжьащ. «Антимиры», «Берегите ваши лица», «Десять дней, которые потрясли мир», «Павшие и живые», «Жизнь Галилея», «Пугачев», «Вишневый сад», «Преступление и наказание», нэгъуэщІ спектаклэмэ хэтащ. Высоцкэм и лэжьыгъэ нэхъыщхьэ дыдэу кьалытар Шекспир Уильям и «Гамлет» спектаклым щигъэзэщІа ролырщ. Югославием, Франджым, Польшэм я кьэрал сауТэхтэр кьыхьыхуагъэфэща е спектаклым Владимир 317-рэ щыджэгуащ. Артистым театр роль 20 игъэзэщІащ, радиоспектаклу 8-м, кинофильму 30-м нэблагъэм щыджэгуащ.

Высоцкэм спектаклэ зэмылІэужьныгъэхэм уэрэд щьжкІэ щхьэкІэ, уэрэджыІакІуэу утыку щихьар 1965 гъэрщ. Ягъ щІыкІэ и лэжьэгъу актерхэм я гъэсэу, иужькІэ и закъуэу иригъэжащ. 1967 гъэм Ленинград и «Восток» клубым ягъ дыдэу концерт щитащ. А гъэ дыдэм кьыдэ-кІащ Высоцкэм уэрэд щыжиІэ «Верткаль» фильмыр, артистым ехьулІэныгъэ ин кьыхуэзыхьар. Абы щыщІэдзауэ концерт итыну ирагъэблагъэ хьуащ институтхэм, заводхэм, клубхэм. Владимир зыхэта фильмхэм ящыщу «Хозяин тайги», «Плохой хороший человек», «Место встречи изменить нельзя», «Маленькие трагедии», нэгъуэщІхэри. «Я родом из детства», «Опасные гастроли», «Война под крышами», «Сыновья уходят в бой», «Ветер надежды», нэгъуэщІ куэдми щыІу уэрэдхэр Высоцкэращ зытхар. Абы и уэрэдхэр зытет пластинкэр 1968 гъэм ягъу дунейм кьытехьащ. 1977 гъэм «Макъамэ» фирмэм альбомитІ хьууэ кьыдигъэкІащ «Алиса в стране чудес» зыфІища дискоспектаклыр. Франджым дунейм кьыщытехьащ Владимир и уэрэдхэр зытет дискищ, Абы концерт щитащ Урысейм и кьалэхэм, Болгарием, Венгрием, Франджым, Канадэм, Америкэм и Штат Зэгуэтхэм. И иужьрей концертыр Москва областым хьыхь Калининград кьалэм (иджы Королев жьыхуэтІэм) 1980 гъэм щекІуэкІащ.

Высоцкий Владимир итха уэсэ 600-м щигъуэм и зэхуэдитІыр уэрэд хуащ. «Из дорожного дневника» зыфІища и уэсэр хагъэхьащ 1975 гъэм кьыдэкІа «Усыгъэм и махуэ» сборникым.

1980 гъэм дунейм ехьажащ икІи Москва щыщІалъхьащ. Высоцкий Владимир щІыхубэм я гум Іэфіу кьынащ. Абы и уэрэдхэр нобэми куэдым фІыуэ ялъагъу.

ТЕКІУЖЬ Заретэ.

Шемякин Михаил дэщІыгъуу.

● Іуащхьэмахуэ щІынальэм и Іимамхэр зыгъэгузавэр

Іуащхьэмахуэ щІынальэм и Іимамхэр ирогузавэ хабзэм ебакьуэу, еруугъ яхэльу диныр зи гъуэзэу кьэзылыпытэж щІалэгъуалэм ялъжь щІэпхъаджагъэхэм я бжьыгъэ зэрыхъэмыщІым.

Іимамхэр зыгъэгузавэр

А IУЭХУР кьыхагъэщащ дин зэгухьэныгъэхэм я ІуэхугъэмкІэ районым щыІэ комиссэм и зи чэзу зэхуэсыр щекІуэкІэм. Абы щытепсэльыхьащ Кьэбэрдей-Балькъэрым диным теухуауэ щрагъэкІуэкІ егъэджакІуэхэр-гъэсэныгъэ лэжьыгъэ псори зэгъэуІуагъэ щытын зэрыхуейм.

Іуащхьэмахуэ щІынальэм и раисІимам Мэт Нэху зэрыжиІэмкІэ, диным ехьэлІауэ щІалэгъуалэм ущепсальэкІэ, дерсхэм кьыхьэщын хуейщ муслымэныгъэм гущІэгъур, гумащІагъэр, зым адрейм зыщІигъэкъуэныр, щыІэр хабзэрэ пхэлъынымрэ псом ящхьэу зэрыщыщытыр.

Мэтым кьыІэзэрилъытэмкІэ, егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэ лэжьыгъэм кьыдэкІуэу, щІалэгъуалэр щІынальэ зэрыпсэуным хабзэхьумэ Іуэхущапіэхэм кьулыкъу щызыщІэхэм щІэх-щІэхыуэ ІугъэщІэн хуейщ.

- Ильэс бжьыгъэ хьуауэ дызыхэт зэпэщІэуэзэныгъэм дыщІалэгъуалэм ящыщ куэд хокІуадэ, - кьыпещэ и псальэм куейм и раисІимамым. - Дэ, щэч хэмыльу, диным теухуауэ щІалэгъуалэм ядедгъэкІуэжІ гъэмэгъэм зэхъуэжІныгъэм, унагъуэхэмрэ школымрэ зэрызэдлажьэр, нэгъуэщІхэри. АдэкІэ дыкьыщоджэ зэман зэхуэмыдэхэм школ унафэщІу щытахэм я гъащІэмрэ я гуащІэмрэ теуху тхыгъэ кІэщІхэм.

ЕджапІэм и кьалэн нэхъыщхьэр щІэныгъэ-гъэсэныгъэ лэжьыгъэ, лэжьапІэ нэхъыщхьэ хуэныжу ныбжьыщІэхэр балигъ гъащІэм хэгъэувэнырщ. А псоми я кьежьапІэ хьур сабийр школым зэрыщІэджэращ, абы кьыщигъэльагъуэ щэнырщ. Тхылъым адэкІэ кьыпызыщэр сыт и лъэныкъуэкІи ехьэлІауэ щхьэжаныкІыу еджапІэр дыщІэ, дыжьын медалкІэ кьэзыухахэрщ. Абыхэм кьаКІэлъокІуэ и щІэныгъэмрэ ІэщІагъэмрэ кьагъэсэбэпу республикэр, кьэралыр ефІэкІуэным хуэлажьэ, курыт школыр зэрыгушхуэ и гъэсэну щытыр. Ахэр иджы зи щІэр фІыкІэ жаІэ дохутырщ, юристщ, егъэджакІуэщ, ухуакІуэщ, щІэныгъэлІщ, ІэнатІэ зэмылІэужьныгъэхэм ехьулІэныгъэшхуэхэр щызыІэрызыгъэхьа Іэщагъэлі щІэрыІуэхэщ.

Сурэт щхьэхЫлІатыкІэр щыІэжкІэлъхьахьа Іыхьэр и блэкІар нэгум кьыщІэзыІэгъуэвэщ. Абы щыболъагъу курыт еджапІэм пщІантІэм, унэм и нобэрей теплъэрм, ильэс 80 и пэкІэ ящІэрп; а лъэхъэнэм лэжьа гупымрэ нобэрей егъэджакІуэхэрэ, ильэс зэхуэмыдэхэм школым кьыщыгъэкІа классэм я суратэхэр, еджапІэм щекІуэкІа Іэпеуэхэм, зэІуущІэхэм, пшыхьэм, махуэшхуэм щытраха сурэтхэр, нэгъуэщІхэри.

А псоми гупсэхуу узэрырипІэжыр зи блэкІ и гъэсэныгъэ хэтащ 1-нэ каналымкІэ екІуэкІ «Іущхэмрэ Іуащыщхэмрэ» телеэнэтыным икІи апэ увыпІэр кьыщыхьри, МГИМО-м щІэтІысхьауэ щытащ Фырэ Алим, зэпеуэм пашэныгъэ кьыІэзэрыщІихьам щхьэкІэ «Урысей зэкъуэт-политикэ партым и стипендиат хуауэ щытащ Шыбзыхьуэ Альберт, апхуэдэуи нэгъуэщІ урысейпсо зэпеуэхэм зи зэфІэкІ щызыІэтэ-зэгуэ, апэ увыпІэр кьыщызыхьа егъэджакІуэхэм я щІэ-унэщІэхэр итщ.

Иджыкрей зэманым декІуэ екъэлІэр кьызэрыгъэгугурыкІуэм теуха тхыгъэм щызэпкърыащ абы щылажьэ гупым зыхуагъэувыж кьаІэнхэмрэ я кьуажэ щІэблэм я пащхьэ щахь жэуапІныныр.

НЭЩЭПЫДЖЭ Замирэ.

● Май щІынатІэ

Сэным зыхуагъэхьэзыр

«Красная нива» мэкъумэш предприятэм и хуабгъащэм зи чэзу сэгъуэм щыщІадзащ.

ХОЗЯЙСТВЭ кІуэцІ кооперативым и унафэщІ Гуторовэ Любэ кьыІэрыджиамкІэ, «Агро+» ООО фирмэм зэгурыІуэныгъэ иращІылІэну хунэсащ. Абы ипкъ иткІэ помидор гъэтІысыну мелуанипщІым нэблагъэ ґъатхэр кьэмысу хасэнущ.

Лэжьыгъэхэм щІышылэм и 21-м пэрыуагъ. Апэ щыкІэ хуабэщІыпІэ кьрашэлІэнущ помидорыр зыхагъэтІысхьэну торфыр, стеллажхэр, пленкэхэр зэкІэрашэхэнущ, жьыр щызэкІуэ щхьэгъубжэхэр ягъэхьэзэнырынущ.

А Іуэхугъуэхэр ґъатхэпэм и кІэ хьыкуэ зэфІагъэзэкІнурэ, итІанэ сэным щІадзэнущ.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

● Іуащхьэмахуэ щІынатІэ

Іимамхэр зыгъэгузавэр

Іуащхьэмахуэ щІынальэм и Іимамхэр ирогузавэ хабзэм ебакьуэу, еруугъ яхэльу диныр зи гъуэзэу кьэзылыпытэж щІалэгъуалэм ялъжь щІэпхъаджагъэхэм я бжьыгъэ зэрыхъэмыщІым.

А IУЭХУР кьыхагъэщащ дин зэгухьэныгъэхэм я ІуэхугъэмкІэ районым щыІэ комиссэм и зи чэзу зэхуэсыр щекІуэкІэм. Абы щытепсэльыхьащ Кьэбэрдей-Балькъэрым диным теухуауэ щрагъэкІуэкІ егъэджакІуэхэ-гъэсэныгъэ лэжьыгъэ псори зэгъэуІуагъэ щытын зэрыхуейм.

Іуащхьэмахуэ щІынальэм и раисІимам Мэт Нэху зэрыжиІэмкІэ, диным ехьэлІауэ щІалэгъуалэм ущепсальэкІэ, дерсхэм кьыхьэщын хуейщ муслымэныгъэм гущІэгъур, гумащІагъэр, зым адрейм зыщІигъэкъуэныр, щыІэр хабзэрэ пхэлъынымрэ псом ящхьэу зэрыщыщытыр.

Мэтым кьыІэзэрилъытэмкІэ, егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэ лэжьыгъэм кьыдэкІуэу, щІалэгъуалэр щІынальэ зэрыпсэуным хабзэхьумэ Іуэхущапіэхэм кьулыкъу щызыщІэхэм щІэх-щІэхыуэ ІугъэщІэн хуейщ.

- Ильэс бжьыгъэ хьуауэ дызыхэт зэпэщІэуэзэныгъэм дыщІалэгъуалэм ящыщ куэд хокІуадэ, - кьыпещэ и псальэм куейм и раисІимамым. - Дэ, щэч хэмыльу, диным теухуауэ щІалэгъуалэм ядедгъэкІуэжІ гъэмэгъэм зэхъуэжІныгъэм, унагъуэхэмрэ школымрэ зэрызэдлажьэр, нэгъуэщІхэри. АдэкІэ дыкьыщоджэ зэман зэхуэмыдэхэм школ унафэщІу щытахэм я гъащІэмрэ я гуащІэмрэ теуху тхыгъэ кІэщІхэм.

ЕджапІэм и кьалэн нэхъыщхьэр щІэныгъэ-гъэсэныгъэ лэжьыгъэ, лэжьапІэ нэхъыщхьэ хуэныжу ныбжьыщІэхэр балигъ гъащІэм хэгъэувэнырщ. А псоми я кьежьапІэ хьур сабийр школым зэрыщІэджэращ, абы кьыщигъэльагъуэ щэнырщ. Тхылъым адэкІэ кьыпызыщэр сыт и лъэныкъуэкІи ехьэлІауэ щхьэжаныкІыу еджапІэр дыщІэ, дыжьын медалкІэ кьэзыухахэрщ. Абыхэм кьаКІэлъокІуэ и щІэныгъэмрэ ІэщІагъэмрэ кьагъэсэбэпу республикэр, кьэралыр ефІэкІуэным хуэлажьэ, курыт школыр зэрыгушхуэ и гъэсэну щытыр. Ахэр иджы зи щІэр фІыкІэ жаІэ дохутырщ, юристщ, егъэджакІуэщ, ухуакІуэщ, щІэныгъэлІщ, ІэнатІэ зэмылІэужьныгъэхэм ехьулІэныгъэшхуэхэр щызыІэрызыгъэхьа Іэщагъэлі щІэрыІуэхэщ.

Сурэт щхьэхЫлІатыкІэр щыІэжкІэлъхьахьа Іыхьэр и блэкІар нэгум кьыщІэзыІэгъуэвэщ. Абы щыболъагъу курыт еджапІэм пщІантІэм, унэм и нобэрей теплъэрм, ильэс 80 и пэкІэ ящІэрп; а лъэхъэнэм лэжьа гупымрэ нобэрей егъэджакІуэхэрэ, ильэс зэхуэмыдэхэм школым кьыщыгъэкІа классэм я суратэхэр, еджапІэм щекІуэкІа Іэпеуэхэм, зэІуущІэхэм, пшыхьэм, махуэшхуэм щытраха сурэтхэр, нэгъуэщІхэри.

А псоми гупсэхуу узэрырипІэжыр зи блэкІ и гъэсэныгъэ хэтащ 1-нэ каналымкІэ екІуэкІ «Іущхэмрэ Іуащыщхэмрэ» телеэнэтыным икІи апэ увыпІэр кьыщыхьри, МГИМО-м щІэтІысхьауэ щытащ Фырэ Алим, зэпеуэм пашэныгъэ кьыІэзэрыщІихьам щхьэкІэ «Урысей зэкъуэт-политикэ партым и стипендиат хуауэ щытащ Шыбзыхьуэ Альберт, апхуэдэуи нэгъуэщІ урысейпсо зэпеуэхэм зи зэфІэкІ щызыІэтэ-зэгуэ, апэ увыпІэр кьыщызыхьа егъэджакІуэхэм я щІэ-унэщІэхэр итщ.

Иджыкрей зэманым декІуэ екъэлІэр кьызэрыгъэгугурыкІуэм теуха тхыгъэм щызэпкърыащ абы щылажьэ гупым зыхуагъэувыж кьаІэнхэмрэ я кьуажэ щІэблэм я пащхьэ щахь жэуапІныныр.

НЭЩЭПЫДЖЭ Замирэ.

Захуагъэ хэлъу

Кавказ Ищхьэрэ округым и Федеральнэ арбитраж судыр кьалэ эзхуаку, дунейпсо электросвязым и «Ростелеком» акционер обществэ эзІуэн и республикэ кьудамэм и кассацэ тхьэусыхэ тхылъым щІышылэм и 15-м хэпІэри, КъБР-м и Арбитраж судымрэ Епщыкіуханэ арбитраж апелляцэ судымрэ я унафэхэр абы пэжу кьыльытащ.

ФИГУ кьэдгъэкІыжьынщи, Интернет сетым пыща Іуэхугъэхьэзэкр Кьэбэрдей-Балькъэрым и щІыналъэм ихэрхэрыгъэ Іэмалхэмкіэ эзрыщагъэзащІэм кІэлъыпльа нэужь, а рынокым процент 35-м щІигъу зи Іыхьэу хэль «Ростелеком» обществэр антимонопольнэ управленэм Іуэхуэхьэ Іэнатім хэм я реестрым хигъэхьащ.

Эзраубэзыхуам тету, Урысейм и ФАС-м и Кьэбэрдей-Балькъэр кьудамэм кьыпщытащ Іуэхуэхьэ Іэнатім ихьым - «Ростелеком», «Мегафон», «ВымпелКом», «МТС» ОАО-хэм, «ЮТС», «Налшык-Телеком» ООО-хэм Интернет сетым пыща Іуэхутхьэбзэхэм папщІэ ящар зыхуэдизыр. «Ростелеком» обществэм и Іыхьэр процент 40,3-рэ хьурт.

Рынокым процент 35-рэ зи Іыхьэу хэль «Ростелеком» ОАО-р Іуэхуэхьэ Іэнатім хэм я реестрым хигъэхьэну антимонопольнэ управленэм кьищта унафэмкІэ мыарэзыІуэ, КъБР-м и Арбитраж судым абы тхыгъэмІэ зыхуигъэзащ. Арбитраж судым антимонопольнэ Іуэхущапіэр захуэу кьильытащ. Епщыкіуханэ арбитраж ап